

# Byen Kòmanse Ane An



Pou paran yo

## 1. Kreye Alyans



Granmoun yo di, "Gen fòs nan chif yo," se toujou yon verite jodi a. Si w jwenn difikilte pandan ane lekòl la, li enpòtan pou w konnen ou genyen lòt moun ou kapab ale kote yo. Kounye a se moman pou kyeye alyans avèk pwofesè yo, manm pèsònèl sipò a, paran yo, elèv yo avèk lòt moun ki gen enpak sou ou menm avèk pitit ou a. Rele oswa voye yon nòt remèsiman bay moun ki te kontribye "pozitivman" pandan ane ki sot pase a. Mansyone kòman ou te apresye patisipasyon yo ak kòman ou espere sipò yo alavni. Kontakte lòt moun ou ta renmen ki la pami sipòtè ou yo nan lane k ap vini an epi kite yo konnen enpak enpòtan yo kapab genyen nan lavi ou. Asire w ou ofri sipò ou bay lòt moun an retou.

## 2. Egzamine Plan Edikasyon Endividyèl (Individual Educational Plan, IEP) pitit ou a



Anpil fwa, yo te ekri Plan Edikasyon Endividyèl (Individual Educational Plans, IEP) yo pandan ane lekòl ki te pase an. Alòs, nouvo pwofesè pitit ou a kapab pa konnen ki objektif aprantisaj ki an priyorite pou ane k ap vini an. Anvan lekòl kòmanse, li nan IEP a pou rafrechri pwòp memwa ou. Pale sou objektif pou aprantisaj yo avèk pitit ou a, sitou sa yo ki ase gran pou yo defann tèt yo. Apresa, rasire w chak pwofesè sal klas k ap travay avèk pitit ou a gen yon kopi epi li konprann entansyon IEP a. Sa ki bay yon IEP jarèt se lè paran yo ak pwofesè yo konprann li epi yo aji pou mete li ann aplikasyon.

## 3. Kreye yon Pòtfolyo "Kisa ki Mache"



Tout paran yo ta dwe anvizaje kreye yon pòtfolyo ki rele "Kisa ki Mache". Yo ka itilize li pou fasilite tranzisyon pitit ou a nan chak nouvo ane lekòl. Pòtfolyo a ta dwe genyen deskripsyon sa ki mache byen pou pitit ou a. Mete yon pwofil ki dekri fòs pitit ou a, enterè, aktivite li pi renmen ak priyorite aprantisaj li yo pou ane a. Mete konsèy sou asistans fizik oswa kominikasyon avèk pitit ou an si sa yo se bezwen li genyen. Dekri sipò pou konpòtman ki mache byen oswa fason pou ranje sitiyasyon pou evite pwoblèm konpòtman yo. Fè yon lis travay, wòl, avèk responsablite pou asistan pwofesè a, si li aplikab. Dekri aranjman yo te fè nan salklas la pou sipòtè pitit ou a, egzanp bezwen an tèm plas ak pozisyonman, tolerans li pa rapò ak bri oswa nivo konfò pa rapò ak klima. Gen ladan l'echantyon travay pitit ou a epi li dekri ajisteman oswa modifikasyon yo te fè nan travay orijinal la. Pataje non elèv ki zanmi ak pitit ou a epi bay konsèy pou fè li pi fasil pou konekte ak lòt elèv yo. Finalman, si sa posib, tache yon foto oswa yon videyo kout ki montre pitit ou a k ap patisipe nan aktivite ak lòt elèv epi k ap resevwa sipò efikas nan klas la.

## 4. Mande yon Reyinyon



Rele pwofesè pitit ou a epi mande yon reyinyon pou bay limyè ak pataje enfòmasyon sou pitit ou a. Sa a se opòtinite ou genyen pou kòmanse devlope yon relasyon pozitif ak pwofesè pitit ou a epi pozisyon tèt ou kòm yon manm ekip aktif nan edikasyon pitit ou a. Sa se yon bon moman pou egzamine IEP pitit ou a avèk pòtfolyo “Kisa ki Mache”. Pifò pwofesè ap apresye patisipasyon ou avèk konesans ou kapab pataje sou fason pitit ou a aprann pi byen. Fini reyinyon an avèk plan pou toujou kominike avèk pwofesè a. Kominikasyon yo ap chak jou, chak semèn oswa sèlman lè sa nesèsè? Èske w ap kominike avèk nòt, telefòn, imèl, oswa an pèsòn? Etabli woutin sa a ranfòse patisipasyon w.

## 5. Vizite salklas la (yo)



Li rekòmande pou vizite klas pitit ou a prale ladann nan. W ap bezwen familiarize w ak kote chak salklas oswa espas aprantisaj la, koulwa ki konekte klas yo, dispozisyon oswa aranjman biwo oswa estasyon aprantisaj la, materyèl ki disponib ak lòt èd aprantisaj, tankou teknoloji oswa sipò vizyèl, nan chak zòn. Ou ka vle pitit ou a vizite zòn nan (yo) anvan lekòl kòmanse, pou ou ka gen konvèsasyon avèk li sou anviwònman yo konnen yo. Ou ka bezwen planifye tou ak founisè sipò yo pou adrese bezwen anviwònman ki soti nan andikap pitit ou a, tankou èd pou aksè, sipò vizyèl, oswa bezwen teknoloji avanse oswa senp. Pataje ak pwofesè pitit ou a obsèvasyon ou te fè pandan vizit nan salklas yo, pou yo konnen sa w panse.

## 6. Rete Enplike



Après w fin prepare etap sa, ou ka kontribye nan siksè pitit ou a lè w patisipe nan lekòl la pandan ane a. Anvizaje rantre nan òganizasyon Paran-Anseyan an oswa nan komite konsiltatif lekòl la, sèvi kòm volontè nan salklas, ede nan kantin nan oswa nan bibliyotèk la, oswa patisipe nan evènman espesyal yo. Plis ou aktif, se plis enpak ou ka genyen sou lekòl pitit ou a, sou moun k ap travay nan lekòl la, ak sou edikasyon pitit ou a ap resevwa.

## 7. Kontinye Pwòp Edikasyon Ou



Paske ou se alye ki pi enpòtan pou pitit ou a, li esansyèl pou ou devlope konpetans pou ede pitit ou a kreye yon lavi ki rich epi ki gen anpil sans. Petèt ou ta renmen aprann plis sou fason ou kapab sipòte bezwen devlopmantral avèk edikatif pitit ou an, kòman pou ekri epi aplike yon bon IEP, oswa kòman pou defann pitit ou an.

---

Eskane kòd QR la pou w wè divès resous pou ede paran yo amelyore konesans ak konpetans yo, tankou Folyo Familyal nou yo ak lòt pwodwi ak fèy konsèy.



Pou konnen kòman pou w kontakte Fasilitatè Rezo Enklizyon Florida (Florida Inclusion Network, FIN) ou a rele nan 1-888-232-0421 oswa vizite sit entènèt FIN la nan [www.FloridaInclusionNetwork.com](http://www.FloridaInclusionNetwork.com).

Rezo Enklizyon Florid la se yon pwojè diskresyonèl Depatman Edikasyon Florid, Lekòl Leta yo soti nan lekòl matènèl rive nan 12yèm ane, Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Elèv, ki finanse anba Lwa Edikasyon pou Moun ki Andikape yo, Pati B.